



fason pou chwazi yon

PLAN
CHILD
HEALTH
PLUS

Kèk ti konsèy itil pou chwazi yon plan nan
mache NY State of Health

NYC Human Resources
Administration
Department of
Social Services

CHILD HEALTH PLUS bay swen sante gratis oswa pou yon pri ki ba pou tout timoun kèlkeswa revni yo oswa kondisyon imigrasyon yo. Si ou kalifye, w ap bezwen chwazi yon plan sante pou pitit ou. Plan sante yo travay avèk yon gwoup (rezo) doktè, klinik, lopital ak famasi pou peye pou swen sante ou. W ap bezwen chwazi youn nan doktè nan plan sante a ki pou vin Doktè Swen Prensipal ou (Primary Care Provider, PCP) pitit ou. Pitit ou prale nan klinik PCP li ak nan klinik lòt doktè ki nan rezo plan an pou swen sante li.

Plan Child Health Plus yo gratis oswa yo gen yon frè pou peye chak mwa, selon revni kay la. Plan yo bay yo garanti menm sèvis swen sante yo. Men yo tout pa menm:

- Yo kapab gen diferan rezo doktè ak lopital
- Yo kapab garanti diferan medikaman sou preskripsyon
- Yo kapab gen diferan kalite ak klasman satisfaksyon pasyan

Fason pou Chwazi yon Plan

Pou ede ou chwazi pi bon plan an pou pitit ou:

- Mande doktè pitit ou wè souvan an pou li ba ou non plan Child Health Plus li aksepte yo.
- Gade rezo plan an pou wè si doktè, lopital, ak klinik plan sante a toupre ou.
- Tcheke pou wè si plan sante a garanti medikaman pitit ou.
- Konsidere si plan sante a ap kite ou pran medikaman sou preskripsyon yo nan famasi ou itilize a.

BRC-961 (D)

Rev. 05/16

Copyright 2016, The City of New York. Human Resources Administration/Department of Social Services. Pou jwenn pèmasyon pou repwodui tout oswa yon pati nan dokiman sa a, kontakte New York City Human Resources Administration.

- Revize gid konsomatè pou pèfòmans plan anyèl la, ki klase plan yo dapre sèvis yo, pèfòmans yo ak satisfaksyon konsomatè a. Pou jwenn aksè nan gid la, ale sou sitwèb: http://www.health.ny.gov/health_care/managed_care/consumer_guides/nyc/medicaid/
- Si ou pral peye tout frè plan sante a, konpare prim chak mwa yo pou plan ou renmen yo, epi reflechi sou sa ou gen mwayen pou peye a.

Peman Frè Asirans lan pa Mwa

Kèk fanmi ki gen pi gwo revni dwe peye yon frè chak mwa pou Child Health Plus. Pwoteksyon an pa kòmanse jouk apre ou peye frè a premye mwa a. Ou kapab voye kotizasyon nan frè pa mwa a pa lapòs anvan ou resevwa bòdwo a.

Plan New York City Child Health Plus yo

Affinity Health Plan 1(866) 247-5678

Fidelis Care New York 1(888) 343-3547

EmblemHealth (HIP) 1(800) 447-8255

Empire Blue Cross Blue Shield Health Plus 1(800) 600-4441

Healthfirst PHSP, Inc. 1(866) 463-6743

MetroPlus Health Plan 1(800) 303-9626

United Healthcare Community Plan 1(800) 493-4647

WellCare of New York 1(800) 288-5441

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale sou sitwèb NYC Health Insurance Link nan www.nyc.gov/hilink